



Pou Piblikasyon Imedya: 11/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE INISYATIV POU ELAJI AK KREYE SANT GADRI KI GEN KALITE SIPRYÈ ATRAVÈ KANPIS SUNY YO

4.5 milyon dola pou sipòte lokal aktyèl yo, ki gen ladan rekonpans dedye pou anboche ak fòmè pwochè jenerasyon pwofesyonèl gadri yo

Sipòte Objektif Diskou devan Asanble Lejislatè Eta yo pou elimine dezè gadri nan 18 lokal SUNY yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman yon inisyativ pou elaji ak kreye sant gadri ki gen kalite sipryè atravè tout kanpis Inivèsite Eta New York (State University of New York, SUNY) yo pou etidyan ak pwofesè yo - patikilyèman nan zòn kote dezè gadri a egziste. Inisyativ la gen ladan distribisyon 4.5 milyon dola nan finansman federal ak eta pou sipòte sant aktyèl yo, yon pwogram pou fòmè pwochè jenerasyon pwofesyonèl gadri yo, ak devlopman yon plan alontèm pou reyalize objektif Diskou devan Asanble Lejislatè Eta Gouvènè a pou elimine dezè gadri nan tout SUNY. Bidjè Egzekitif Gouvènè a gen ladan 10.8 milyon dola pou sipòte kreyasyon lòt sant gadri sou kanpis SUNY yo

"Sèvis gadri yo se yon pati enpòtan nan rekipèrasyon ekonomik nou an, yo bay paran yo sipò ki nesèsè pandan y ap pouswiv edikasyon oswa rantre nan mendèv la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a se yon etap enpòtan nan direksyon objektif administrasyon mwen an pou elimine dezè gadri nan tout kanpis SUNY yo nan tout eta a epi investi yon fason apwopriye nan etidyan, pwofesè ak paran yo k ap travay nan eta nou an."

Pandan ane akademik 2020-2021 an, SUNY te sèvi 1,200 paran elèv ak plis pase 4,000 plas gadri atravè 46 kanpis SUNY ki gen yon sant gadri sou plas. Sant yo sèvi tou pwofesè, anplwaye, ak anplwaye eta yo, ansanm ak kominote vwazen an - yo chak itilize anviwon yon tyè nan plas total gadri yo. Kounye a gen 18 lòt sant ki nesèsè pou kouvri tout 64 kanpis SUNY yo nan tout eta a.

Chanselye Pwovizwa Inivèsite Eta New York la, Deborah F. Stanley, te deklare, "Sèvis gadri ki pi limite prezante yon gwo baryè pou paran elèv nou yo ak pi gran frè ak sè ki dwe chwazi gadri olye klas yo, epi menm pou paran nou yo ki se pwofesè. Avèk sipò adisyonèl federal, eta ak SUNY, nou ka elaji resous nou yo sou kanpis la ak bon

jan kalite swen, epi an menm tan travay pou fòmè plis pwofesyonèl gadri pou timoun piti pou SUNY ak lòt sant yo atravè eta nou an. Sa a se jis premye pami plizyè inisyativ atravè SUNY. Nou bat bravo pou Gouvènè Kathy Hochul paske li rekonèt nesosite pou elaji sèvis gadri davantaj nan Diskou devan Asanble Lejislatè Eta yo, epi ou pa ka tann pou nou travay ansanm pou kenbe tout pòt opòtinite ouvè pou paran k ap travay yo."

Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare, "Bès enskripsyon yo se yon pwoblèm nan SUNY ak nan tout nasyon an. Bay sèvis gadri pral pèmèt gason ak fanm retounen nan SUNY, pran lòt klas epi rantre nan mendèv la. Avantaj ekonomik ak sosyal yo evidan. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou adisyon pwogresif sa a nan bèl sistèm SUNY an."

Manm Asanble Deborah J. Glick te deklare, "Yo pa ta dwe janm fòse Nouyòkè yo decide ant pran swen pitit yo oswa avanse ak edikasyon yo. Mwen remèsye Gouvènè Hochul paske li priyore agrandisman sèvis gadri a, ki pral ede etidyan, pwofesè ak anplwaye SUNY yo retounen nan salklas. Avantaj adisyonèl ekspansyon sa a se ke timoun ki gen paran ki ale nan kolèj yo gen plis chans pou yo pouswiv edikasyon siperyè yo menm, sa ki leve kominote yo davantaj."

SUNY te distribye prèske 4.5 milyon dola nan finansman, tankou:

- 3.9 milyon dola nan sibvansyon federal pou tout sant gadri SUNY yo na kad Fon pou Estabilizasyon Gadri (Child Care Stabilization Funds) pa Biwo Sèvis Timoun ak Fanmi (Office of Children and Family Services, OCFS) an. Finansman sa yo, ki disponib atravè Lwa sou Plan Sekou Ameriken (American Rescue Plan Act) an Lwa Sekou ak Kredi Siplemanè pou Entèkansyon ak Kowonaviris ((Coronavirus Response and Relief Supplemental Appropriations, CRRSA) Act), ede ak depans operasyonèl yo tankou pèsònèl ak fòmasyon ansanm ak sipò pou bezwen sante mantal anplwaye yo ak pitit yo.
- 500,000 pou 16 kanpis yo nan kad pwogram estaj peye pou Travayè Ki Espesyalize pou Travay ak Timoun Piti (Early Childhood Worker) SUNY an. Yo pral anboche 139 entèn peye k ap fè etid diplòm yo nan etid pou timoun piti pou travay an mwayèn 20 èdtan pa semèn. Nouvo pwogram bousdetid la ranpli demann pou sipò adisyonèl pou gadri pandan y ap bay chak elèv eksperyans travay ki gen anpil valè nan lavi reyèl pou timoun piti pou konplete travay akademik yo.
- 80,000 pou 11 kanpis pou reyalize oswa kenbe akreditasyon nan men òganizasyonki gen kalite siperyè ki rekonèt nasyonalman. Finansman yo pral nan direksyon pou ranplase ekipman sal klas yo ki chire, founi materyèl klas yo, asire aksè ak ADA, epi peye pou frè konsiltasyon ak frè akreditasyon yo.

Kanpis SUNY k ap resevwa yon pati nan finansman 4.5 milyon dola jodi a genyen ladan yo:

- University at Albany
- Binghamton University
- SUNY Brockport
- SUNY Broome
- University at Buffalo (de sit)
- Buffalo State College
- Cayuga Community College
- SUNY Cobleskill
- Columbia Greene Community College
- SUNY Cortland
- SUNY Delhi
- Downstate Health Sciences University
- Dutchess Community College
- Erie Community College (twa sit)
- Farmingdale State College
- Finger Lakes Community College
- SUNY Fredonia
- Fulton Montgomery Community College
- Genesee Community College
- Hudson Valley Community College
- Jefferson Community College
- Monroe Community College
- SUNY Morrisville
- Nassau Community College
- SUNY New Paltz
- Niagara Community College
- SUNY Oneonta
- Onondaga Community College
- SUNY Orange (de sit)
- SUNY Oswego
- SUNY Plattsburgh
- SUNY Potsdam
- SUNY Purchase
- Rockland Community College
- SUNY Schenectady
- Stony Brook University
- Suffolk Community College (de sit)
- Tompkins Cortland Community College
- SUNY Ulster
- Upstate Medical University
- Westchester Community College

Enfòmasyon sou State University of New York

State University of New York se pi gwo sistèm konplè nan edikasyon siperyè nan Etazini epi plis pase 95 pousan nan tout Nouyòkè yo ap viv nan yon distans 48 km de

nenpòt nan 64 fakilte oswa inivèsite SUNY yo. Nan tout sistèm lan, SUNY genyen kat sant sante akademik, senk lopital, kat fakilte medikal, de fakilte dantè, yon lekòl dwa, sèl inivèsite optometri Eta a, epi li jere yon Laboratwa Nasyonal Depatman Enèji Etazini (US Department of Energy National Laboratory) an.

An total, SUNY sèvi anviwon 1.3 milyon etidyan nan kou ak pwogram ki ofri kredi, edikasyon kontini ak pwogram sansibilizasyon kominotè yo. SUNY an siveye prèske yon ka nan rechèch akademik nan New York. Depans pou rechèch yo nan tout sistèm nan te prèske 1.1 milya dola nan ane fiskal 2021 an, ki gen ladan gwo kontribisyon nan men etidyan ak pwofesè yo. Genyen plis pase twa milyon ansyen etidyan SUNY nan monn lan epi youn sou chak twa Nouyòkè ki genyen yon diplòm inivèsité se yon ansyen etidyan SUNY. Pou jwenn plis enfòmasyon sou fason SUNY kreye opòtinite, ale nan sitwèb www.suny.edu.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418